

Adilt an Bòn Sante ki Pa Gen Depandan



RÈG TRAVAY | Bagay OU Dwe Konnen:



DTA pral voye yon lèt ba ou ki di w si ak kilè ou dwe respekte règ yo. Pou plis enfòmasyon, wè www.Mass.gov/SNAPWorkRules.

Si DTA di ou ke ou dwe respekte Règ Travay ABAWD yo, ou dwe:

1. Travay (peye oswa san peye) ak/oswa fè yon aktivite Travay ak Fòmasyon (E&T) ki apwouve pou 20 èdtan pa mwa; oswa 80 èdtan pa mwa; oswa
2. Fè volontè nan yon òganizasyon san bi likratif oswa piblik pou yon kantite lè. Kantite lè sèvis kominotè yo depann de montan benefis SNAP mansyèl ou. Ou pral resevwa yon avi ki pral di w konbyen èdtan ou pral bezwen travay chak mwa.

Sonje: Si w touche plis pase \$217.50/semèn (menm si sa reprezante mwens ke 20 èdtan travay), di nou sa! Si w fè sa, ou egzante nan Règ Travay ABAWD yo.

Si w genyen ant 18 a 64 an (enkli), ou ka travay, ou ka bezwen satisfè Règ Travay Adilt an Bòn Sante ki Pa gen Depandan (ABAWD) pou resevwa SNAP pou plis pase 3 mwa. S w dwe respekte règ sa yo, ou dwe fè sa pandan limit peryòd aktyèl la, ki se 1e janvyè 2024 jiska 31 desanm 2026.

DTA dwe evalye w pou egzanpsyon anvan yo deside si w dwe respekte Règ Travay ABAWD yo. Ou ka egzante nan obligasyon pou respekte Règ Travay ABAWD yo si ou:

- Andikape oswa gen difikilte pou travay akòz yon pwoblèm sante. Sa enkli:
 - Resevwa yon peman ki asosye ak yon andikap, tankou SSI, EAEDC, Konpansasyon Aksidan Travay, oswa Konje famiyal ak Medikal Peye,
 - Jwenn sèvis nan men MassAbility, Depatman Sante Mantal, oswa lòt pwogram eta oswa lokal ki fèt pou moun ki andikape, oswa;
 - Viktim vyolans domestik, pouswiv abi, oswa ou gen lòt pwoblèm sekirite ki afekte sante mantal oswa fizik ou,
- Ap pran swen yon timoun ki poko gen 6 an, oswa yon adilt ki bezwen swen nan men w (menm si moun nan oswa timoun nan pa abite lakay ou oswa pa gen okenn lyen famiyal ak ou)
- Resevwa oswa te aplike pou benefis chomaj
- Touche \$217.50 pa semèn (anvan taks) oswa fè mwens ke sa men travay 30 èdtan oswa plis pa semèn
- Ale lekòl, nan inivèsite, oswa nan yon pwogram fòmasyon omwen a mwaye tan.
- Resevwa benefis TAFDC oswa EAEDC. (Aplike nan www.DTAConnect.com)
- Nan yon pwogram tretman pou itilizasyon sibstans.
- Viv ak yon moun ki poko gen 14 an, menm si moun sa a pa resevwa SNAP
- Ansent
- Yon Amerendyen, yon Natif Alaska, yon Endijèn, oswa Manm yon Tribi jan sa dekri nan Lwa sou Amelyorasyon Swen Sante Endyen yo

Ou ka di nou si ou ranpli nenpòt nan kondisyon egzanpsyon sa yo nan rele Liy Asistans DTA a nan 877-382-2363 epi nan deklare egzanpsyon w lan nan telefòn oswa ou ka telechaje epi ranpli yon [Fòm Oto-Deklarasyon Egzanpsyon nan Règ Travay SNAP](#) oswa menm ekri enfòmasyon egzanpsyon w lan sou yon nòt ekri alamen epi:

- Telechaje l sou DTA Connect
- Voye l pa lapòs bay DTA Document Processing Center: P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780,
- Voye l pa faks nan 617-887-8765, oswa;
- Eskane l nan yon biwo lokal DTA

Fason pou respekte Règ Travay ABAWD yo nan Travay

Fason pou respekte Règ Travay ABAWD yo nan fè Benevola

Fason pou respekte Règ Travay ABAWD yo atravè yon Aktivite E&T

Èske w deja patisipe nan yon aktivite E&T oswa ap fè Benevola?

Ou ka di nou ke w ap travay nan:

- Soumèt prèv yo anliy:
Ale sou www.DTAConnect.com oswa telechaje aplikasyon mobil DTA Connect la.
- Voye prèv yo pa lapòs:
DTA Document Processing Center,
P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780-0420
- Soumèt prèv yo pa faks: 617-887-8765
- Rele 877-382-2363
- Pale ak nou an pèsòn nan biwo lokal DTA w la



Vizite www.SNAPPathtoWork.org pou jwenn yon sit benevola nan zòn ou an. Ou ka jwenn tou pwòp sit volontèsan bi likratif oswa piblik pa w nan kominote w la, tankou nan yon bibliyotèk piblik oswa yon gadmanje. Si w satisfè règ yo nan fè benevola, ou ka verifeye sa nan ranpli yon [Fòm Rapò sou Patisipasyon nan Pwogram Travay ABAWD \(WPPR\)](#) nan chak peryòd rapò.



Si w bezwen èd, tanpri rele 877-382-2363 pou nou ka diskite pwochen etap yo.

Ou ka satisfè règ yo atravè pwogram SNAP Path to Work la. Pou konnen plis sou fòmasyon gratis sa yo, ki enkli pwogram sètifika nan kolèj kominotè yo, estaj, Pwogram Work Participant an atravè Sant Karyè MassHire lokal ou a, ak plis ankò, vizite: www.SNAPPathToWork.org. Gen kèk pwogram ki vityèl. DTA ka ede peye pou transpò.

Pou plis enfòmasyon, rele 888-483-0255.


Fè nou konnen osito vit ke posib! Si ou deja ap fè volontè nan yon òganizasyon piblik oswa san bi likratif, mande kowòdonatè benevola a pou li ranpli epi soumèt [Fòm Rapò sou Patisipasyon nan Pwogram Travay ABAWD \(WPPR\)](#) la pou DTA kapab verifeye si w ap respekte Règ Travay ABAWD yo nan fè benevola a.

Si ou deja ap patisipe nan yon pwogram travay ak fòmasyon ke DTA pa konnen, mande founisè fòmasyon w lan pou li ranpli epi soumèt [Fòm Demann Enfòmasyon sou Pwogram Fòmasyon ABAWD \(TPIR\)](#), la pou DTA kapab detèmine si patisipasyon w nan pwogram nan satisfè Règ Travay ABAWD yo.

Si w gen plis kesyon sou Règ Travay ABAWD yo, rele 877-382-2363 oswa ale sou www.Mass.gov/SNAPWorkRules pou plis enfòmasyon.



ABAWD WR Flyer (HC) (Rev. 11/2025)
19-102-0625-03



Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay tout moun menm chans.

Nou pa gendwa fè diskriminasyon akòz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil anvan. Si ou panse ke nou te fè diskriminasyon kont ou, rele 617-348-8555 pou konnen kijan pou pote plent.